

FON SEKOU POU LWAYE VIL BOSTON

Kesyon Moun Poze Souvan pou Pwopriyetè/Administratè Pwopriyete yo

Mwen se yon pwopriyetè/manadjè pwopriyete ki gen lokatè ki an reta sou peman lwaye yo. Kisa mwen kapab fè pou patisipe nan Fon Sekou pou Lwaye a?

Yon lokatè dwe voye aplikasyon pou Fon Sekou pou Lwaye (Rental Relief Fund) an. Asire w ke lokatè w yo konnen pwogram sa a epi ankouraje yo pou yo aplike [isit](#). Lokatè yo ap bezwen enfòmasyon kontak pwopriyetè/manadjè pwopriyete a pou aplikasyon an ansanm ak yon kopi siyen kontra lokasyon oswa kontra-bay la. Tanpri asire w ke lokatè w yo jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo. Epitou ou kapab sipòte pwosesis aplikasyon an lè ou prezante dokiman ki endike anba la yo anmenm tan ak aplikasyon lokatè w lan:

- W9 (Ranpli nèt, date epi pwopriyetè lojman an siyen)
- Dokiman ki pwouve kimoun ki pwopriyetè a (Pami dokiman nou aksepte yo, genyen sa yo: bòdwo taks, bòdwo dlo, tit pwopriyete, mògèdj, bòdwo asistans pwopriyete y ap lwe a oubyen dokiman an [evalyasyon anliy](#))
- [Kontra pwopriyetè ki siyen](#) (Disponib sou wèbsayt Fon Sekou pou Lwaye an [isit](#))

Antanke pwopriyatè/manadjè pwopriyetè a, ki dokiman èske mwen bezwen prezante?

Pwopriyetè/manadjè pwopriyete yo dwe prezante yon prèv ke kay la se pou li l ye, W-9, ak yon [kontra pwopriyetè ki siyen](#) (gade tout lis la anlè a) anvan yo kapab bay asistans pou lwaye a. Pwopriyetè yo kapab aplike pou yon Nimewo Idantifikasyon Anplwayè [isit](#) si yo pa gen youn. Yo pral mande pwopriyetè yo pou yo bay enfòmasyon sa yo aprè yo fin verifye kalifikasyon lokatè a.

Poukisa ou bezwen enfòmasyon sa yo?

Ajans ki pa pou fè pwofi yo k ap administre Fon Sekou pou Lwaye a bezwen dokiman ki mande yo pou kapab fè peman asistans pou lwaye yo. Asistans ak lwaye pa kapab bay si ou pa bay dokiman sa yo.

Ak kimoun yo pral pataje enfòmasyon sa yo?

Yo pral pataje enfòmasyon sa yo ak òganizasyon ki pa pou fè pwofi a k ap fè peman asistans pou lwaye.

Èske mwen pral resevwa yon 1099?

Wi, règ IRS yo egzije pou yo prezante yon 1099 pou peman asistans pou lwaye yo.

Èske pemana asistans pou lwaye an pal garanti chaj ki an reta oswa lòt chaj yo?

Moratwa kont degèpisman ki egziste kounye a nan MA entèdi yo faktire enterè oubyen chaj ki an reta sou lwaye ki dwe akòz COVID-19 la.

Ki kondisyon ki genyen nan pwogram la pwopriyetè yo dwe aksepte?

Pwopriyetè yo dwe aksepte:

- Re-etabli kontra lokasyon patisipan an
- Pa kontinye ak degèpisman an (si pwosedi degèpisman an te kòmanse)
- Notifye OHS si gen chanjman nan lokasyon patisipan an
- Patisipe nan sesyon medyasyon ak medyatè nan OHS si gen nenpòt pwoblèm ki rive ak lokasyon patisipan an

Mwen yon ti pwopriyetè ki konfwonte ak difikilte pou fè peman mògèdj sou yon bilding ki pou mwen. Ki resous ki disponib pou pwopriyetè lojman ki nan sityasyon sa a?

Anplisde Fon Sekou pou Lwaye Vil Boston an, gen resous Eta a ki gen ladann Asistans Rezidansyèl pou Fanmi nan Tranzisyon (Residential Assistance for Families in Transition, RAFT) ak Asistans pou Lwaye ak Mògèdj ann Ijans (Emergency Rent & Mortgage Assistance, ERMA) ki gendwa satisfè bezwen ou yo (gen plis enfòmasyon sou toulde pwogram ki disponib [isit](#)).

Lokatè mwen yo te reyisi fè peman pasyèl oswa konplè men yo pral gen difikilte pou fè peman yo pi devan. Ki lòt resous ki disponib pou yo?

Nou ankouraje ni lokatè ak ni pwopriyetè yo pou aplike pou resous yo ki liste anlè yo. Biwo Estabilite Lojman (Office of Housing Stability) ofri tou yon inisyativ konsèy pou pwopriyetè a pou ede pwopriyetè Boston yo ki gen nèf oswa mwens inite lojman pou yo jwenn solisyon ki ekonomize tan ak lajan pou ede lokasyon yo epi estabilize dwa pwopriyete yo, chak fwa sa posib. Gen plis enfòmasyon ki disponib konsènan pworam sa a [isit](#).